ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙСКАЯ ПРАВДА

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№54 (21.962) ● 2011 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 31, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Сунш Ануарбий

КIэрэф Р. Дж. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIынымкIэ и Iэнатlэм щIыхь зиI и лэжьакIуэ» щ1э лъапIэр фIощыным и Iуэхуки1э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Москва къалэм щыпсэу ди лъахэгъуэм социальнэ дэIепыкъуныгъэ етыным жыдджру зэрелажьым папщIэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIынымкIэ и Iэнатlэм щIыхь зиI и лэжьакIуэ» щ1э лъапIэр фIощым **КIэрэф Руслан Джэрихьан и къуэ** - Москва къалэм щыIэ «Медведково» сату унэ» акционер обществэ зэхуэщIам и генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№35-УП

Абрэдж I. Хь. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етыным и Iуэхуки1э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм кIаруушхуэ зэрырихьлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етын **Абрэдж Iэдиб Хьэсэнбий и къуэ** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп1э къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 25-м
№37-УП

Бепшаев М. А. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIихьэбзэмкIэ щIыхь зиI и лэжьакIуэ» щ1э лъапIэр фIощыным и Iуэхуки1э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIихьэбзэмрэ литературэмрэ я Iэнатlэм щIэ фIыщIэм папщIэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIихьэбзэмкIэ щIыхь зиI и лэжьакIуэ» щ1э лъапIэр фIощыгъэ **Бепшаев МутIалин Азмор и къуэ** - «Замай» газетым и редакцIэр къэрал Iуэхущ1апIэм и редактор нэхъыщхьэм и Iуэхудзэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 25-м
№38-УП

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Мэкъумэшым зегъэужьыным ахъшэшхуэ къыхузэщIагъэуIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп1э къуэдзэ Зубков Виктор Есэнтыгъу къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм. Абы къырихьлIащ щыналъэ куэдым я унафэщIхэр, зыхуэсфащ федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр. Зэ1ущ1эр труубгуэ щытащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым Iэщ гъэзэкъым зыщегъэужьыным, гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэпэщу егъэкIуэкIыным.

ЗЭIУЩIЭМ къыщыщыпсалъэм КЪБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегием ипкъ иткIэ, агропромышленнэ комплексым щIэгъэхузэбжьауэ зегъэужьын зэрыхуейр. Иужьрей илъэситхум къриубыдэу республикэм мэкъумэш продукцэ къыщыдэлажьэ псоми кредит ахъшэу сом мелард 14,5-рэ ми Iэнатlэм къыщагъэсэбэщащ. Абы хэм къэрал дэIепыкъуныгъэ яхьхуауIыпща сом мелардри 3,2-м щыщу сом мелард 1,5-м нэблагъэ кредитхэм процентKIэ щхьэщатIыкI ахъшэм щыщ Iыхьэ яхуэпшыжыным трагъэкIуэдащ. Мы Iэнатlэм зэрызиужь псынщIэгъымкIэ ди округым и субъектхэм я бюджетхэм я яп1э щыIыгъ - нэгъабэ и закъуэ ди деж продукцэу кIыщалэжьыр процентыр 8-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи сом мелард 22,9-рэ и уасэм нэсащ.

«Бахъсэн бройлер» агропромышленнэ гуп» акционер обществэ зэхуэщIам

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Хабзэм тет зэхэтыкІэ

диІэн щхьэкІэ цІыхум и хуитыныгъэхэм къыщхьэщыжхэр Конституцэм хэпльэжынущ

УФ-м и Президентым деж щолажьэ ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэм къыщхьэщыж совет. Президент Медведев Дмитрий хэту абы и зэІущІэ щекІуэкІащ Екатеринбург къалэм. Советым и унафэщІ Федотов Михаил жиІащ къэралІэтащхьэр зэрыхущІэмыхьэм къыхэкІыу щІэх-щІэныуэ зэрызэхуэмызэфыр, ауэ абы щхьэкІэ лэжьыгъэр зэрымыцыІэр.

ИУЖЬРЕЙ зэІущІэм Медведев Дмитрий къыщыхилъхьащ Советым и къыкІэлъыкІуэ зэхьыхьар Кавказ Ищхъэрэм щрагъэкІуэкІыну. «Абы къикІащи, дэ дытепсэлъыхьынущ Кавказым щыпсэуэхэм я хуитыныгъэмрэ жылагъуэ зэхэтыкІэр егъэфІэкІуа зэрыхъунымрэ. А зэІущІэм куэд зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр къыщытІэтынущ», - жиІащ Федотовым.

Иджыпсту нэхъ зытелажьэхэм ящыщу абы къыхигъэщащ СССР-м щыпсэуауэ Урысейм къэІэпхъуэжахэр зыпэщІэт гугъуехьхэр зыхуэдэр зэхэгъэкІыныр, ахэр ящыгъэпсынщІа зэрыхъунур убзыхуныр къалэн пажэу зэрыщытыр. «Ди хэкуэгъуэр Урысейм къызэрыІэпхъуэж, абыхэм паспорт къызэрырат щІыкІэр зыубзыху хабзэм щыщІэныгъэ куэд хэлъщ, цІыхуэгр гугъу иригъэхьу. Аращи, а хабзэм хэгъэкІын хуеймрэ щІэуэ хэлъхьапхъэмрэ догъэхьэзыр. Абы къыпоплъэ цІыху мин 60», - жеІэ Советым и унафэщІым.

2003 гъэ лъандэрэ Советым и нэІэ тригъэтщ Іэпхъуэшапхъуэхэм. Ди хэкуэгъуэм УФ-м и паспортыр къаІэрыхьэныр нэхъ тынш щыхъуауэ щыта 2005 - 2006 гъэхэм Урысейм цІыху мин 850-рэ къыхэхъуэжащ.

НОВИКОВ Константин.
«Российская газета».

● Дуней псор зыгъэгузавэ

ЩІыдагъэ фиІэ?

Абы щыгъуэм демократиер дзэ кхъухьлъатэгъэмкІэ ныфхудохь

Къэралхэм я зэхущытыкІэр зэраубзыхуа хабзэхэракъым дунейм щагъэзащІэр, атІэ нэхъ лъэщым и унафэращ.

ООН-м и Генеральнэ секретарь Пан Ги Мун тхыдэ мыхьэнэ иІэу кьиплыпат Шынагъуэм щыІэ ЦІыхухэм я 17-м къищта унафэм. Каддафи Муамар кьыпэщІэуважэм кхъухьлъатэкІэ еуэ мыхъуну къыщыгъэлъэгъуащ абы, мыпхуэдэуи дыщІагъуэжащ: «... Ливие Хьэрып Джамахирием мамыру псэу и цІыхухэм ямыгъэ лей къатемыхьэн, дзэр къатемыуэн щхьэкІэ лэжьыпхъэ псори зэфІэгъэкІын».

Мы унафэр зыгъэхьэзырар Британиемрэ Франджымрэт, американхэм зыкъамыгъэпхъэгъащуэу. Дауи, ахэр зыгъэгузавэр зэпэщІэувахэр зэрыкІыжьынкІэ, лажьэ зимыІэхэр а зауэм хэкІуэдэнкІэ зэрыхъунур аратэкьым. Уеблэмэ полковник Каддафи епсэльэну хуеяхэкъым зыкъэзыІэтахэм ягурыІуэну, Іуэхур мамыру зэфІихьыну трагъэгушхуэу. Ахэр зыхуэйр Каддафи политикэм къыхадзынырщ е, кьахуэубыдмэ, яукІынырщ.

Каддафи Муамар и дзэр казармэхэм къыщІимыгъэкІими, телеканалхэм кьеГъэт кьудей абы и танкхэм цІыхухэр зэтрапІытІэу. Ар псоми я фІэщ хьунущ икІи полковникыр ягъэкъуэнщэнущ. Ар арыншами кьуанщэщ, зауэ кІэщІым къыщихьа текІуэныгъэмкІэ зыгуэрым зигъэІуну, цІэрыІуэ зищІыну хуэйщи.

Къухьэпэ коалицэр лъымэ къызыщІихьа акулэм ещхьыщ. Абы зэребгъэрыкІуэн Іуэхущ зэрихьар. Ауэ ЩІымэ, ООН-м кьищта унафэмрэ НАТО-м Ливием щигъахъэмрэ апхуэдизу щхьэ зэщхьэщыкІэ?

КъухьэпІэращ хуитыр «мамыру псэу цІыхухэр зэтрамыукІэн щхьэкІэ» нэгъуэщІ къэралхэм я Іуэхум хэжьжьэтхъуну. А щхьэусыгъуэр яІэу щхьэуащ Иракми Югославиеми, иджы чэзур Ливием къыльысащ. А хьэлыр КъухьэпІэм зыхинэнукъым, зыщыщынэн имыльагъымэ. Шэшэным щеІуэкІа зауэм лажьэ зимыІэ, мамыру псэу цІыхухэр хэкІуэдакъэ? Сыт КъухьэпІэр абы къыщІэмысар? Урысейм ядернэ Іэщэ иІэщи аращ. Урысейдзэм и Іуэхуэр мыщІэгъэщащи, кьиттеуэм жэуап иритыжыныр. Тибетрэ Синьцзянрэ къэрал щхьэхуэ зыщІыну хэтхэр Китайм щызэтриукІэкІэ ямыльагъу зашІри, абы дзэ лъэщи атом бомби иІэщи.

Ливием бомбэ щебдзыхьхунущ. Дзэ, сату Іуэху нэгъуэщІ къэралхэм мащІэ дыдэу фІэкІа ядищІэну хуимыту унафэ зыхуащІа Ливием и кхъухьлъатэхэр жьы хуащ, ядернэ Іэщи абы иІэкъым. КьухьэпІэм хэхьэн Іэщ Іэу Каддафи а Іэщэр зыІэригъэхьатэкъым. АтІэ, Ираным щебгъэгъэтыфыну а Іэщэм зэрелажьэр, КьухьэпІэм и ракетэхэмэ бомбэхэмрэ кьыптрикІуэн щхьэкІэ щхьэусыгъуэшхуи щыхуэмеикІэ.

ЯШЛАВСКИЙ Андрей.
«Московский комсомолец».

● ЗыгъэпсэхупІэхэр

Геленджик йофІакІуэ

Гьатхэр егъэлеяуэ щыдахэщ Урысей Инщэм. Геленджик ящыщ абы и щІыпІэ щІэращІэхэм. Ящыщ къудейкьым: Краснодар крайм нэгъабэ щрагъэкІуэкІа «Курорт Олимп» зэнеуэм ар тенджыз ФІыщІэ Іуфэм щыІэ зыгъэпсэхупІэхэм я нэхьыфІу кьиГъэлъэгъащ.

МЫ ГЪЭМ илъэси 180-рэ ирокъу къалэ-курортым и ныбжьыр. Абы теухуа зэхьхьэхэр, кощартхэр, нэгъуэщІ Іуэху куэдэри мжъауэгъуэм и 4-м щегъэжьауэ махуищІкІэ екІуэкІынущ.

Геленджик къалэм псы Іуфэм щыщу километри 10 кьеубыд, икІи ар дунейм щынэхь дахэ дыдэхэм хабжэ. Иджы есы къалэри псы Іуфэри нэхьри зІуэзэпэщ хьунущ.

Мы щІыпІэм зызыгъэпсэху къажьІуэхэм я дежкІэ тынш хьауад Геленджик аэропорт зэрыщащхуар. Нэгъабэ накьыгъэ мазэм лэжьэн щІидзауэ аращ, ауэ цІыху мини 129-м Іуэхутхьбзэ яхузэфІихьну хунэсащ. Мы гъэм Геленджик занщІэу льэтэфынущ Екатеринбург, Самарэ, Красноярск, Тюмень къалэхэм щыщхэр. Геленджик щхьэкІэ «урыс Ниццэ» щыжаІэр гукІи псэкІи зыхащІэфынущ абы зыщызыгъэпсэхунухэм.

ЦІыхухэр дзэныхьэхьи куэд щыІэщ мы къалэм, езым и гъыдэр, фэсепхъэр, щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъэр зэкІэ щІэмы.

Си уэзыншагъэм кІэлъыгъэпсаугъэ зыгъэІэнкІэ хьунухэм зыхъэдэн ягъэуэтынущ. Мы бы санаторэ-курорт Іуэхущапсэу 100-м щІигъу, уней хьэщІэщ щІыкІуу 4000, цІыхухэм я нэгу зыщІагъэужь щІыпІэу 34-рэ щыІэщ.

Псалъэм папщІэ, сабийхэри балигъхэри дэзыхьэхщ «Дельфин», «Бегемот», «Золотая бухта» аквапаркхэр.

Мы гъэм къызэІуахащ псы хущхьуэ ефапІэ. Къалэкум ирагъэува псыкъелъэм, скульптурэ зэмылІэужьыгъэхэм уеплъу ущыс къудейми уи псэм зегъэпсэху.

Зызыгъэпсэхухэм уасэхэр къатемыхьэлІэн папщІэ, Геленджик къалэ администрацэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ зэдолажьэ, зэгуроІуэ Іуэхутхьэбзэхэм щІатын хуейм теухуауэ.

«Российская газета».

● Хьэлэмэтщ

Эквадор щыщ доннэ Розэ

Эквадорым гъэм и кІыхьагъкІэ дыгъэр сыхьэтиным къыщыкъуокІ, ищыкъэщхьэм сыхьэтихьым щыкъуохьэж. Мы къэралым щыпсэуэхэм бгылъэ гъэзэгу нашэжьашэхэм кІыфІу кьыщакІуэкьыкьым.

ЗЫ ГЪУЭГУ закъуэщ жэщми пшагъуэ щыгъеГъ пщэдджыкъми машинэхэр щыэзэгрихьэр - ар кьалащхьэ Кито икІыу ищхьэрэкІэ, удзэхэ я аузымкІэ, кІуэращ. Каямбе кьалэ щыкІум нэс километр 70 дэлъщІ, розэ къзэыгъэкІэхэм я машинэхэмрэ хьэлъэзешэхэмрэщ нэхьыбэу птыагъур.

Эквадорым щыпсэуэхэр католикхэщ. Розэр католикэм я псэм хуаях удз гъэтащ, Розэщ щыхубзхэм я нэхьыбэми зэрахьэщІэр.

Мы удз лІэужьыгъэмкІэ эквадорхэм кьахуэпсэр... вулканхэрщ. Зэпымычу Іугъуэ кьрихуу, зэман-зэманкІэ «кьыщиуду» Эквадорым вулкан 55-рэ иІэщ. Абыхэм ящыщ зыщ Мама Тунгурауа щІэр зезыхьэр. Абы илъэс ныкъуэм зэуэ аузым трепхъэ удзэхэр зыгъэбагъуэ щІыгъэпшэр.

Москвэ розэу щащэм я нэхьыбэр Каямбе аузым щыІэ Санта-Росэ къуажэращ къыздрашыр.

Бизнесым и сыт хуэдэ лІэужьыгъуэми зы пІалъэ кьыхуохуэ фейдэшхуэ кьыпэкІуэу. Эквадорым хуэщІауэ щыпсэуэхэм «ныбжь зиІэ унагъуэхэм» (аращ къэралыр зы зэманкІэ зыІущІэлъа испанхэм зэреджэр) розэ кьагъэкІыурэ Америкэ Ищхьэрэм щрагъащэм я хэхуэр процент 300-м нэст. Илъэс 20 хьауад а тхъэгъур зэраухр.

Иджы аргуэру «розэ Іуэхур» кьощІэрэщІэж. ГъэщІэгъуэнщ абы щхьэусыгъуэ хуэхьуари. Щыр яхурйкъуртэкъыми, бгым дэкІуэтейуэ щыпадзэм розэхэм дежкІэ щыІэтыІэр фІы дыдэу кьыщІэкІащ: ахэр нэхъ псынщІэу хохьэу, зы жьлэм щыщми зыхуэза щы кІапэм ельытауэ я фэр нэхъ дахэ мэхъу.

Эквадорым зыми имей щы щыбгъуэтынукъым. Хым ельытауэ метр 4000 нэхъ лъагэ щІынальэхэм кьыщыкІ щыІэжьым, абыхэм щыІэр щытепщэщ, ауэ итІани ябгынаиуэ щыткъым.

«Лъэпкъ парк» фІащауэ ахэр къэралым ехьуМэ, кьэкІыгъэ мащІэми псэущхьэхэми я нэІэ тригъэту. МыдрекІэ нэхъ лъэхьпІэу щыІэ щыр куэд щащ щыхуэм я мылку зэрыхьурэ. Кьапщтэмэ, Каямбе аузым щыпсэу мин 70-м и ныкъуэм нэхьыбэр удз гъэгъа кьэгъэкІыным епхащ: хуабэщхэр ящІ, щыгъэшэрГракІуГэ, паущІ, розэр здащэн хуейм нагъэ.

«Ныбжь зиІэ унагъуэхэм» ящыщу машІэщ Каямбе щыпсэжьыр, иджы розэм ешха Іуэхур есы индейхэрэщ кьызыхуэнэжар. Розэ лІэужьыгъуэу 400 кьагъэкІ абыхэм. Нэхъыбэр кьыздашэри Урысейращ. Псалъэм папщІэ, гъатхэпэм и 8 махуэм розэу тонн мини 4,5-рэ ди къэралым кхъухьлъатэкІэ кьагъэс.

Розэм зы процентщ Эквадорым и ВВП-м щыщу кьыльысыр. ИтІани, экономикэм и ІэнатІэхэм щыщу аращ нэхъ псынщІэу зызыужьыр. Ар зэращэм нэмыщІ, а розэр щагъэкІ щыпІэм зыщ ы з ы п л ъ ы х ь ы н у кьакІуэхэми фейдэ кьапокІ.

Розэр сабийм хуэдэщ. Ар хасэу мазибгъу дэкІа нэхуэкьщ кьыщыгъагъэр, паупщІу США-м, Европэм, Урысейм ирагъэпэн щыпщалъэр. ЩІыпІэмрэ хуабэмрэ яфІимыхьмэ, гъэ къэс Эквадорым розэ зэмылІэужьыгъуэу мелуан 515-рэ кьраш, ар фІыуэ зыльъгъуэм я унэхэм кьыщюхутэ.

РАГОЗИНЭ Ксение.
«GEO» журнал.

● Шэшэн Республикэ

Лъагэрэ быдэу

ГРОЗНЭ къалэм унитху щауха, зым нэхърэ адрейр нэхъ лъагэ жу. «Грозный-Сити» фІащащ гектаритху зыхуохаха унэхэм. Абыхэм ящыщ тІур къат 18-уэ зэзгъетынущ, нэгъуэщІ унитІыр - къат 30, иджыри зы унэр къат - 45-рэ хьунущ.

Шэшэн Республикэм и архитектэр нэхъыщхьэ Баталиев Джалал жеІэ унэ лъагэхэр ухуэнымкІэ дуней псом Іэмалыщ Іэу къыщагъэсэбэпхэр республикэм и ухуаІуэхэм тетъэщІапІэ зэращІар, мы унэхэр балли 9 зи лъэщагъ щыхьеИм зэрыпэтъэщынр.

ХьэблэщІэм цІыхухэр Іэпхъуэфынущ бжьыхь дызыхуэкІуэм.

БОБРОВ Валерий.

Нэхъ тынш ящІ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм и тамож-нэхэм дяпэкІэ Іуэхури дэжьыгъэри щагъэпсынщІэнущ ди хэгъэуГум и экономикэм зи мылъку хэзыльхьэну зи мурадхэм.

МЫ ГЪЭМ къриубыдэу таможенэхэм я лэжьыгъэр электроннэ Іуэхутхьбзэзм хуэІуэнущ. Абы къикІраци, КИФЩІ-м Іуэхущ Іапі я щиухуэн е къыщызэІуихьи папщІэ Іэмэпсымэу, нэгъуэщІ къинэмыщІу зыхуей псори къыщыгъэльэгъуа документыр компьютер зэпыщІэныгъэмкІэ зэфІэкІынущ. Таможнэ хуэІухуэщІэм и процент 60-р компьютеркІэ хьыбарыр зэІэпахыу зэфІагъэкІ хьуагъэхэхэщ, хьэрычэтыщІэхэм къулыкъущІэр зыщІэс пэшым щІыхьэным зэман трагъэкІуадэу зэрыщытар щыІэжькъым.

Псом хуэмыдэу таможнэхэм псынщІэ дыдэу къыпхрыкІынущ инвестицэ проектхэм щхьэкІэ кьашэхэр. НобэкІэ апхуэдэ проектхэр 40 мэхьу.

«Российская газета»

Бжьыгъэхэм я щэхухэр

Урысейм илъэс къэс цІыху мелуан кьрашэну я мурадщ

Абы щыгъуэми ди къэралым щыпсэуэм я Іыхьэ щэхэр лъжьаІэ зэрыщытхэр.

- Ди къэралым зиужьыныкъым Іэпхъуэшапхъуэхэр къэдмыгъакІуэмэ, - жаІэ къулыкъущІэхэм. Ауэ ар пэжкъым.

Девгъэпльыт: Урысейм нужьрей дыдэу наІуэ щащІа бжьыгъэхэм къыхэзгъэльагъуэмкІэ, ди къэралым цІыху мелуан 88,4-рэ исщ лэжьэфыну ныбжьым иту. Абыхэм кьынэмыщІауэ, пенсэм кІуахэм ящыщу цІыху мелуан 12-р мэлажьэ. Дапщэ атІэ пенсэм зи ныбжь нэмысауэ лэжьапІэ Іэнатіэ зиІэр? Цыху мелуан 69,6-щ е, пэжу ябжамэ, лэжьэфынухэм я процент 62-щ. Кьыхэтхыкі екІуэкІам кьызэрыгъэльэгъуащи, цІыху мелуан 18-м я хадэм кьрахьмкІэ я щхьэр япІэж. Лэжьэфыну, аУэ ІэнатІэ Іумыт мелуан 40-м щигъум щыщу мелуан 30-р иджыри пенсэ ныбжьым нэсакъым. ИтІани зэпымычу кьыщжаІэ цІыху лэжьэн тхуримыкьужу.

АтІэ, цІыху мелуан 30 иримыкъуЕ Британиеи, Франджым лэжьакІуэу яІэхэр (псалъэм кьыдэжьІуэу жьпІэжи, а къэралитІым я ВВП-р дыдейм нэхъ инщ).

Зиусхэн политикэр, щІэныгъэлІэ, хьэрычэтыщІэхэ, «лэжьакІуэ тхуримыкьумрэ» лэжьэну хуэмейхэрэ зэхэмыгъэзэрыкьу пІэрэ фэ?

Дэнэ щыІэ а мелуаныр?

- Ди къэралыр демографие мащэм щхьэщытщ, ди цІыху Іэпхъуэн ильэс кьэс зы мелуан ящІэркъым. Дэ къдбжьынти, дакьикьитхущ мыбы ихьынур. 1989 гъэм лэжьэфыну ныбжьым иту Урысейм цІыху 83746-рэ исащ, 2010 гъэм - 88360-рэ. ТхэщІын дэнэ кьэна, мелуани 4,6-рэ кьытхэхьащ.

Іэпхъуэшапхъуэ къэзышэну хуейхэм сыт иращІэнур мыпхуэдэ бжьыгъэхэм: ильэс 24-рэ зи ныбжьхэр къатщтэмэ, мы гъэм дыщытехьам процент 16-р лэжьапІэншэт, кІуажэдэщ щІалэгъуалэу - процент 20! Абыхэм зыри къапэпльэркъым, пхъэнкІакІуэу нэхъ мыхьуми, ягъэлэжьэну .

Урыс хэр ефэу щрес, дэ нэгъу эщ къэралхэм къитщурэ дгъэлжььэнщ. Абы зигъэкъиннынукъым, «унэ», «улахуэ» жиІэу къдоэуэнукъым. СыткІэ хуей муниципальнэ унафэщІхэр я щхьэр зыгъэузын? Араци, Іэпхъуэшапхъуэхэр, Іэпхъуэшапхъуэхэр нэхьыбэу...

Зауэм дыхэт нэхьей

Урысейм и цІыху бжьыгъэр 1991 гъэм мелуани 148,5-рэ хьурт (абыхэм ящыщу мелуани 120-р урыст, ме луан 28,5-р адрей лъэпкъхэрэт), итІанэ хэщІу щІидзащ. 2010 гъэм цІыху мелуани 141,9-рэ фІэкІ дыхьэжьыртэкъым Урысейм и паспорт зыбгыгъэр. 2009 гъэм Урысейм и цІыху мин 249-рэ дунейм екьжащ, иужьрей ильэс 16-м я бжьыгъэращ нэхъ мащІэ дыдэу щытар.

ЦІыхухэм езыхэм лей зрамыкьыктэмэ, зыхуэсакьтэмэ, апхуэдизи тхэщІынутэкъым. Псалъэм папщІэ, нэхьабэ дунейм екьжа цІыху мелуани 2-м щыщу мин 224,6-р е машинэм иукІащ, е псым нтхьалащ, е унэм щІисхьащ, е яуКІащ... ЛІам я процент 80-р цІыхухьущ, щыпсжьэфыну ныбжьым иту. Зауэ екІуэкІым хуэдэщ!

2000 гъэм щыщІэдзауэ нэхьыбэ кьалъху хьуащ, ауэ лІэр куэдщи, ди цІыху бжьыгъэм хощІ, ах эр ехь гу-льынтхуэ ч лэхэм (инфаркт-хэм, инсультхэм...) ящхьэІуэкІэ эи гугъу тщІа щхьэ усыгъ у эк эм. «Урысейм Іэпхъуэшапхъуэхэр кьэдмыгъакІуэу хьунукъым», - жызыІэ къэрал кьулыкъущІэхэм цІыхухэм я узыншагъэмрэ псэукІэмрэ егъэфІэкІуэным я гупсысэри я Іуэхурт трауХуамэ мынэхьыфІу пІэрэт?

АЛЁХИНЭ Юлие.
«Комсомольская правда».

● ІэщІагъэлІэм и Іуэху еплъыкІэ

«Къэшэжьн хуейхэр дыдейхэращ»

- Пэж дыдэу Урысейм цІых ушхуэ хощІ, лъхуэн-лІэнуэхэм я бжьыгъэр зэрымащІэр, щыІэхэми бын куэд зэрамыІэр къэпльытэмэ, лІэхэм я бжьыгъэр 2015 гъэм ирихьэлІэу хуэди 2,5-3-кІэ х э х ь у э ф ы щ І. Гурыіу эгъ у щ, цІыхухэм я узыншагъэм, унагъуэшхуэхэм къэралым гульытэщхуэ хуищІын зэрыхуейр. Ауэ абыкІи зэуэ Іуэхур пхуегъэфІэкІуэжьнукъым, аращ къулыкъущІэхэм Іэпхъуэшапхъуэхэм ящыщ дыхуеІуэ щыжаІэр. Пэжщ, дыхуейщ, ауэ хамэхэракъым, атІэ Урысейм и льэпкъ хэм ящыщхэрщ.

Хэхэсхэр кьыззэрыращэлІэж щыкІэмкІэ щапхъэ хьуахэщ Израильр, Германиер, Франджыр, Япониер, уеблэмэ Къзазахстанир, Иужьрейм Китайм, Монголием, Узбекистаным, Урысейм иришькащ цІыху мелуан ныкъ уэ.

Урысейм СНГ-м «къыщызэщІикъу зжьыфынущ» лэжьэну, льхуэн-пІэну узыщыг угъын славянхэм я закъуэ цІыху мелуани 5-6. Апхуэдэхэращ дэ дызыхуейр, армыхьумэ Азие Курытым кьинІкъэракъым. Европэм ищІэнур ищІэжьрыкъым Іэпхъуэшапхъуэхэр хуиту ирагъэхьуэ зэрыщытам кьыздиша гугъуехьхэр инщи. Псом хуэмыдэу нэрыльагъу хьуащ бзэкІи щэнхабзэкІи зэпэІэщІэ льэпкьхэр зэхэбгъэзэгъэным бзльхьу пыщІар.

БЕЛОБОРОДОВ Игорь,
Демографие къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и унафэщІ.
«Известия».

● Партхэр

Утыку къохьэ

«Правое дело» партыр парламент хэхьныгъэхэм иджыри зэи пхрыкІакъым, ауэ мурадыщхэр хэр. ИІэщ мы зэманым, Медведев Дмитрий еІуанэу Президент къулыкъум къытенэным щыщыщ утыку кьыхьэну абы зигъэІуащ.

ЗЭРЫТЩІЭЩІ, дыгъэгьазэм Краснодар Думэр хахьнущ. «Правое дело» партым фракцэ щиІэр хэгъэгу щащІэ дыдэщ, атІэ зэуэ Парламентым кьыщІэхутэну дауэ зэрыхуэфІэкІынур? Къулыкъущхуэ зыІыгъ я пашэ хьумэ! «Правое дело» партым и федеральнэ политсоветым и унафэщІ Надеждин Борис зэрыжиІэмкІэ, унафэ кьащтащ партым и Іэтащхьэ хуэнчу теухуауэ. УнэщІэр кьрИуІэн идакъым, мы махуэхэм а хьыбарыр хэІущІыІу зэращІынур кьызджиІа мыхьумэ.

Иджыпрей зыужьынытгъэмкІэ институтым и унафэщІ Юргенс Игорь зэрыхуитхьащІэмкІэ, зыхэдгъэхуэ япэ вице-премьер Шувалов Игорь, финансхэмкІэ министр Кудрин Алексей, Президентым и дзэпыкъуэгъуэ Дворковичи Аркадий сымэщ.

«Известия» газетым къыІэрыхьэ хьыбар хэм тыдоцІыхьри, Шувалов Игорь а къулыкъур зыльысынур. Пэжщ, Шувалов и секретариатым абы теухуауэ зыри кьыщыщІжаІакъым.

- Федераль нэ къулыкъушхуэ зыныгъ цІыхур политикэ партым и унафэщІ щыхьукІэ, абы административнэ хэкІыпІэрэ щІэгъэкъуэн кьыщыфынущ. Хуэбгъафащэ зэрыхьунмкІэ, «Правое дело» партым хэхакІуэхэм я процент 7-р и лъэныкъуэ кьыщІынымкІэ, - жеІэ Якъутэ Хакамадэ Ириндж.

Абы арэзы тохьуэ «Урысей зэкъуэт» партри. «Шувалов Игорь хуэдэ политик зыджэр пашэ хуэхъумэ, партым либерал хэр зэкъуигъуэвфынущ», - жеІэ «Урысей зэкъуэтым» и Генсоветым и президиумым и секретарым и къудэз **БЕЛУЗА Александра.**
«Известия».

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар
ШИРДИН Маринэщ.

Ислъамым и нур

КъурІэнаджэмрэ сэдэкъэмрэ

● Уаз

Ипэкіэ тта уаэхэм дышьйфхутепсэлыхьауэ щытащ цыхуэр дунейм ехьжьа нужьку Іэ, абы кІэлъыэрахьэ хуей іуэхуитуэхэм. Нобэ зи гугъу фхуэтщІынур къурІэнаджэмрэ сэдэкъэмрэщ.

ЦЫХУР дунейм щекІужьам и деж абы и гъунэгъуэхэм, и блатІэхэм лІам и Іыхьлъм зэралъэкІкІэ зыщІагъакъуэ. Апхуэдэу зыгуэр кІуэхуэзыщІяхэр ятхри, сэдэкъэм и деж абы итхэм Іыхьэ хуагъэхьэзыр. Абы диныр дауэ епльрэ жыпІэмэ - ар хьэрэмщ. А угуэшыкІэм къикІыжым сэдэкъэ пщІауэ, уи Іыхьлым пхуэзэфІэкІ хуэпщІауэ, ар зылъэІэсын хуейм лъэІэсауэ. Апхуэдэ Іуэху мыхьумышІэр шэрихьэтым къабыл ищІынкІэ Іэмал иІэкъым.

Жагъуэ зэрыхьщІи, дунейм ехьжьам хуащІэ Іуэхугъуэхэр ди жылагъуэхэм иджыри зэтемыхуэу щалэжь. НтІэ, исъам диным дауэ а хабзэхэр кІыззэригъэувыр? Абы и жэуапыр мыращ:

«Гуэвэзгъуэ махуищым дыуэ иригъэщу пщІантІэм ефэнды дэсын хуейщ», - жызыІэу хэкъуэзауэ зыгъэувхэр щыІэщ. Шэрихьэтым апхуэдэу кІиІыІытэркъым. Жэмыхьэтым Іиманм щиІэкІэ, абы а махуищр пщІантІэм дэсын хуейуэ щыт духэзыІыхьэм ятрегуашэ. ДыуэщІым зэрыдэсам и пщІэр кІеІыІыхьэми уарохьэлІэ. Абы и пщІэр бгъэуву а уасэр кІыуамытмэ, дыуэщІым умыкІэуну жьпІэныр хьэдыгъуэдахэщ, диным кІемыІззгъщ. Дэ дымуслым эну Алыхьым и пащхьэм дихьэжьну, нобэ зыгуэр дунейм ехьжьамэ, пщэдей абы дыкІэлъыкІуэжьну дыщыту, кІеІэгъыркъым «Нобэ уи нэщхьеягъуэ пщІантІэм сыдэсмэ, мыпхуэдизэ ахъщэ кІыІзэптынущ», жьпІэу букъуэдиныр е «Мыр гугъуехьщи, зыгуэр хуэдмышІну дауэ хъуи?», жаІэу лІам и Іыхьлъм духьэшхэм мыпІку иратынр. Дэ ди муслым эныгъэр апхуэдэу фІэкІа дымыгъэлъэпІэнуми, зыри дримыуасэу къэпІлъыгъэ хъунущ. Жэмыхьэтми Іиманм щиІэр гуфІэгъэ уэрит гуэвэзгъуэ эри тэмэму, псалъэмакъыншэу зэфІихьынращ.

Адэкіэ, дыуэщІ махуищым и кІуэцІкІэ гуэзвакІуэ кІыпхэуэкІуаэкІэ бгъэшхэну ерыскъы къэпІэтынныр гуемыІуэ. Ар хьэрэм мэхъу унагъуэм кьинэхэр сабийбыну щытмэ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Алыхьым и КъурІэн лъапІэм кІыщыкІуаш мыпхуэдэу; «Зеиншэхэм я мылькум фыхэмыІэбэ. Хэфлъхьэ фІэкІа кІыхьэмых» жиІэуи, уэ нэщхьеягъуэ махуэм зеиншэхэм я мылькуу гуэзвакІуэ къэкІуам ебгъэшхыр хьэрэмщ.

НэгъуэщІу щыІэнкІэ мэхъу, Бегьымбар хьэлейхи сэлату уэ сэламым Джэхьфар, Тхьэр арэзы зыхуэхьуар, дунейм щекІужам жиІащ: «Гъунэгъуэ, Джэхьфар и унагъуэм нэщхьеягъуэ кІыхьуащ, абы и Іыхьлыхэр гугъу ирегъэхь, абыхэм я гур хегъащ. Мы унагъуэм щІэс, абы кІыщІэнахэм я шхынр фэ яхуэзвгъэпэщ». Апхуэдэу ди ЛІыкІуэ лъапІэм дунейм ехьжьам и гъунэгъуэхэм захуигъэзауэ щытащ. Дэ ди лъэпкъым а хабзэ дахэр игъащІэ лъандэрэ кьыдокІуэкІ. Ар «гуІэ шхын» жьхуаІэжращ.

Абы укьыфІэкІмэ, къурІэнаджэм дыхуокІуэ. Ар гъэпсауэ щытащ махуэ бжьыгъэ хэкІи. Нобэ апхуэдэу кьыдокІуэкІ, ауэ куэду зэхэзэрыхьа хьуащ: хэтт махуищыр, хэтт махуиблыр, хэтт махуэ плІыщІыр, хэтт ильэсыр ещІ. Мы зым девгъэгупсысыт - шэрихьэтым абы теухуауэ зы махуи кьыгъэлъэгъуакІым, Мухьэмэдэ бегьымбарми абы ехьэлІащ зыри кьигъэнакъым. Абы кьыщІэнар мы зыращи, ар зыхэзвгъалъхьи, Іу зэуж зэпэщ хъунущ. Бегьымбарым зы щІалэ гуэр кьыхуэкІуэри кьеупщІат: «Ди ЛІыкІуэ лъапІэ, си анэр дунейм ехьжьам, си мылку збгъэдэлъым кьыхэсэу абы сэдэкъэ хуэсщІхуунущ?» «Хуунущ», - кьиритыжащ абы жэуап бегьымбарым. КьищынэмыщІауэ хьэдис пэжу мыр щы-Іэщ: «Сэдэкъэ хуэпт хьунущ?» жьфІэрэ фыщІэупщІэмэ, «Хуунущ» жэуапу фыдот. «Сыт хуэдэ махуэм хуэпт хьунущ?» жьфІэмэ, «Сыт хуэдэ махуэмк хьунущ». Мыбы нэгъуэщІ псалъэмакъ щІэнкІэ Іэмал иІэкъым.

Ауэ мы ди Іуэхур гугъу ищІыу, шэрихьэтым хэмыльу нобэ едгъэжьа хабзэхэм зы унафэ гуэр тетщІыхьынщ тыншІ щытхъуну къысщохьу, мыпхуэдэ Іуэхугъуэр дгъэзащІэмэ - ди япэ итд нэхьыжьыІуэхэр, мэжджытым кьеКІуалІэ щІыхьухэр щэджагъуэ нэмэз нэуэкьым тІыСхэтэ дунейм ехьжьа гуэрым КъурІэн жуеджэрт. Ахэр зыхуедж эм и Іыхьлъхэм абыхэм зы щхьэкІэ щІыхьэ щІыпщ жаІэмэ, щхьи яхьыртк, КъурІэн еджэу м эжджытым щІэсхэр яґъашхэрт. АбыкІэ зэфІэжьыу щытащ къурІэнаджэр. ШэрихьэткІэ уеплъми, ащ нэхъыфІщ.

КъурІэнаджэр гуэзвэгъуэ къыщыхъуа пщІантІэм щІахьар совет лъэхъэнэм диныр зэхэзе хуэн ящІауэ, ямыдэу, эжаджытхэр зэхуащІарэ абы цІыхьу кІуэну хуиныту зэрыщытащ. Абы кьыхэкІыІуи кьурІэнаджэмрэ сэдэкъэмрэ зы махуэм ящІ хьуащ, армыхьуамэ, а тІур шэрихьэтымкІэ зэи зэбгъэдыхьэркъым. Цыхур щыхуейм сэдэкъэр ищІ хьунущ, ЛІар дунейм зэрехьажьэ махуищ дэкІамэ. Абы щхьэкІэ духьэшы е нэгъуэщІ зыгуэр кьыщІебджэн щыІэкъым. Мылькур ууейщи, ущыхуейт махуэм уи япэ ища уи Іыхьлъм сэдэкъэ хуэпщІ хьунущ.

Апхуэдэущ шэрихьэтым кьыззэригъэуври, дэрэ Тхьэм жиІэмэ, абы дыхуэкІуэжьнущ. Алыхьым и щыкурКІэ, кьуажэ щІагъуэ къэнэжакъым мэжджытыр щамыхуэауэ икІи къурІэнаджэр нэщхьеягъуэ зыдэлъ пщІантІэм кьыдэтхьэу ислъам диным кьызэрезэгъым хуэзэу абыхэм тхьыжьну Іэмал щыІэщ. Мусылъмэныгъэр къэтщтэжауэ щыжьитІэкІэ, абы зэрригъэувым хуэдэу, ди гъащІэри дыуэхуэн хуейщ. Махуиблти, махуэ плІыщІти, махуэ щэ ныкъуэрэ тІути, ильэс ныкъуэтти, ильэсти жьхуэхэтІэу тщІыхэр ди гъащІэм хэзгъэжьыжьпхэщ.

Мусылъмэным хьэщІэ кьыщІыхуэкІуэжьІэ ар игъэхьэщІэну и пщэм дельхьэж, абы зы тыгъэ гуэр иритын хуей мэхъу. Аращи, дунейм ехьжьам КъурІэн сыхуэдэжьну сыкъэ-кІуащ, - жиІэу гуэзвэгъуэ щІалъэ пщІантІэм щыдыхьэкІэ, ар ягъэхьэщІэн хуейуэ кьащохьури, зыгуэркІэ хуэупсэныр и кІалэну кьалъыгъ. ИлъэС зыбжанэ хьуауэ яхуэмыгъэкІуэд хьуржьыжьну, «Хьуржьы-ныр игъащІэ лъандэрэ кьоКІуэкІ, - жызыІэни щыІэнущ, ауэ ар пэжкъым. Кьыщежьар ильэс зыбжанэ и пэкІэщ.

НтІэ, сэдэкъэр эратын хуейр хэт? Ар зыхуэфащэр хьэблэм дэс тхьэмыщІэу зыхуэзэфІэмыкІыхэращ. «Сэдэкъэ хуэдмыхьмэ, хэт сыт и ужькІэ кьыттхуищІэжьин», - жьІтэу иджыпсту дгуэшу ераш, Ар апхуэдэущ щытынкІэ Іэмал иІэкъым. Игъэкіи гъэрыжьтІащи, ахьщэ кьыхэзыІыхьахэм сэдэкъэ щыхуедгъэжьжькІэ, «сэдэкъэ дощ» жьІтэ хьунукъым. Хьэблэм, кьуажэм дэс зыхуэзэфІэмыкІхэм епТыну, ахэр ирибгъэгуфІэну, уи лАм ахэр тхьэ хуебгъэлъэІуну ераш абыкІэ.

Языныкъуэхэм кьащохьу дунейм тетыхункІэ я фарзэхэр ямыгъэзащІэми хъуну, ЛІа иужькІэ кьурІэнаджэм хуащІмэ, сэдэкъэ хуатмэ, ахэр кьаху эгъуну. Фи фІэщ зэрыхьун, абы хуащІсэдэкъэри, кьурІэнаджэрэи куэдкІэ нэхъ пудкІэ езым дунейм щытетым илэжьам нэхъэ. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, щІыхум езым илэжьам нэхъыфІ зыри игъуэтыжьыныкъым. Араш кьемэт махуэм кьызэрапщытэжьнур, армыхьумэ дунейм ехьжьа нэужькІэ хуагъэкІуэда мылькуракъым. ЗэгъэщІапхъэщ, сэдэкъэр нэхъыбІэ кьухункІэ берычэт абы нэхъ хьыхьэнуракъым, нэхъыбІэ дунейм ехьжьам и псэм лЫысынуракъым - ар псори щыдэжьнущ. Бгуэшар лЫам лЫысынкІи-лЫысынкІи хъунщ. Тхьэм хуигъэфащэмэ - лЫысынщ, хуиМыгъэфащэмэ - лЫысынкъым. Щыдэжьн уиІэн и пэкІэ зыщыбдэжьнри щыІэн хуейщ. Псапэ зымылэжьа, зи фарз зымыгъэззэщІа цІыхуэм уэ сыт хуэдэ сэдэкъэи хуэщІ, зыри абы кьжикІынукъым.

«Мо ди ГъунэгъэмМыкуэдиз зыщІыхум сыт кьыттхужаІэн, дэри абы зыкъыкІэрыдгъэхумэ?» жьІхуиІэ зэхьэзэхуэр зыхэдгъэн. Дыззвгъэгупсысыж - Алыхьтаізм сыт жиІэн, сыткІэ игу кьыдэбгъэн? «ЦІыхум сыт кьыттхужаІэн?» фэрыщІагъэр ди гум ильмэ, Тхьэм ди лэжьыгъэхэр зэи кьабыл ищІынукъым. Абы и щІыхьэтщ МухьэмэдІ бегьымбарым и псалъэхэр: «ЦІыхум Алыхь лъапІэм пщІэ кьыззэрыхуищІынур, щІыхьэр кьыззэриІэтынур и гухэлъыр».

КьыщІыхуэу щІэщ - нэщхьеягъуэ кьызыдэхьуа унагъуэм хуэзэфІэмыкІыжьу, ауэ лъэпкъым щІыщэм «Сыт кьыттхужаІэн, дэ дылъэпкъхэ?! Адрейхэм эращІым хуэзэу фымыщІу хъунукъым», жаІэу кьыщІапубыд. АбыкІэ лъэпкъым и нэхъыжьхэм я унафэр пхащІ-кІыну, абыхэм пщІэ эзраІэр кьагъэ лъэгъэну хуейхэу ераш. Апхуэдэракъым унафэр щІапхагъэкІыр. Лъэпкъым и нэхъыжьхэм я псалъэм пщІэ иІэну хуейм», ахэр гъэсэныгъэм, зэхэтыкІэ дахэм хураунэтІ.

Нэщхьеягъуэ кьызыштепсыха унагъуэм ялъэмыкІыу ятеплъхэ бэлыхьымкІэ лъэпкъым и нэмысыр хуэма хъунукъым. Абы кьрикІуэнур сыт? ЯгъэгуэзэвакІыхум Іэмал имыІэу щыхуэу кьищтэу сэдэкъэ ищІын хуей мэхъу. Ар кьабдыкІыжьу.

Ераш, кьурІэнаджэм зэман хэха иІэкъым. Сыт хуэдэ махуэми ар пщІы хъунущ. Апхуэдэ дыдэщ сэдэкъэри. Ущыхуей зэманым, уи Іуэху кьыщикІым ахэр зэфІэбгъэкІыну ераш, уи мылькумрэ зэфІэкІымрэ елытатэу.

АХМАГОВ Назир,
«Мамырыгъэ» псапащІэ фондым и унафэщІ.

КъБР-м и муслъымэнхэм я VI зи мычэзу зэхуэсым

Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым зэхуэсым кьрихьэлІаэхэр ирегъэблагъэ.

Хьэщ1э лъапІэхэр.

Дин-еджапІэ центрыр.

Пщыхьэщ1э Іэнас кьыхуагъэфэща къэрал дамыгъэр абы и адэ Муса Кьанокъуэ Арсен кьретыж.

Съездыр щекІуэкІым. *Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балькъэрым и муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий

Иджыблагъэ Налшык щекІуэкІа Къэбэрдей-Балькъэрым и мусылъмэнхэм я зи мычэзу етхуанэ зэхуэсышхуэм КъБР-м и муфтий кьудыкъур кьыщыхуагъэфэщащ Дзасэжь Хьэзрэталий.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым и мусылъмэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр и къудэзэу 2004 гъэм щегъэжьауэ щытащ, нэгъабэ и дыгъэгъазэм льандэрэ республикэм и муфтийм и кьалэнхэр ельэщІэ.

Дзасэжь Хьэзрэталий зыпэрыува Іэнатіэ гугъум и къарурэ уэзыншагъэкІэ пэльэщыну, Къэбэрдей-Балькъэрым и муслъымэн псомэ я зэгурыІуэныгъэм ар и кьежьапІэ хьурэ ди щІыналъэ дахэм мамырыгъэр щызэтеувэжыну Алыхьым дольэІу.

● Тхьдэ

Адыгэхэм дин пэжыр къыщащтар

Исъам диныр Кавказым япэу къыщихьар мусылъмэн къэбжьыкІэмкІэ 22 гъэраш. Ар дызэрыт мазэрыбжьмкІэ 642 гъэм хуоз. Кавказ Ищхьэрэмрэ Курэжь щыналъэмрэ къэса мусылъмэнхэращ ар зи фІыщІэр. А щІыналъэм мусылъмэн тепщэгъуэ абыхэм щагъэуври, лІэщІыгъуплІым щІигъукІэ и унафэр эрахьащ.

ЯПЭ дыдэу а лъэныкъуэм Алыхьыр зи фІэщ хъууэ исъам динри къэбыл зыщІар куржы лъэпкъращ, абы къакІэтынкІуащ дагъыстэнхэр. Мис абыхэм иІэпхъуКІри, кьухьэпІэмкІэ зиунэтІащ исъам диным, Къэбэрдей щІыналъэмкІэ зигъазэу. АдэкІэ Псыкъ и Іэгъуэблагъэхэм нэсащ. Абыхэм къакІэлъыІыкІуэу, мусылъмэн диныр адыгэхэм и дежь зыщиубгъуным зи фІыщІэ хэлъыр Кьрым пашэхэу диным хуеІыдджажэращ. Псом хуэмыдэжу, мусылъмэн диным зезыгъэубгъуаэхэм ящІыщІ Іыдалъ Кэрай. А лІы щэджащэм Кьрымым щІэнигъэлІэхэр кьрищІри, диным хураГъэджэн папщІэ адэкІэ-мыдэкІэ триугэщащ, мыдрисэхэр иухуащ, мэжджытхэр ириГъэщІащ, кьэбэрдейхэм благъэ кьахуэкьурИ, исъам диныр фІыуэ кьариГъэтъэГъуащ, абы я нэфІ щриГъэхуащ, диным и пщІэр лъагэу иІэтащ. Мис абы кьыхэкІыжьу лъэпкъхэр Алыхьым и диным гуп-гупурИ зырызурИ кьихьащ.

Абы и ужькІэ, Гъэлий Фэрэхь БашА 1195 гъэм къэкІуащ. Ар Зэсэмэн къэралыгъуэм и лІыкІуэт. Абы кьыздишащ щІэныгъэлІэхэр. Мэжджытхэр дрищІеящ. Анапэ кьалэр щыхьэрэ, мусылъмэн псомэ я зэхуэсыпІэу ирГъуэщІ, Адэкіэ исъам диным Кавказ псом зыщІужьащ. Арати, адыгэхэм - псомэ жьпІэ хъунщ - Алыхьым и шыкуркІэ мусылъмэныгъэр кьащІащ, абы ЫыдэУ зыпащІащ, я фІэщхъуныгъэкІэ цІэрыІуэ хъуахэщ. Диным кьалэн кьиГъэувхэр яГъэзащІэрт, хьэрыпІбзэми гупыІуэ хъуахэр мусылъмэныгъэмрэ Іэдэбгаръмрэ я бзэу кьабжьу, я тхьытхэри абыкІэ ятхыу.

(Исуф Гъэзэт БашА: «Кавказым и тхьыдэ», нап. 219).

● Чэнджащ

Алыхьым и лъагъуныгъэ къыззэралэжьыр

Алыхьым фІыуэ укъилъэгъуныр кьодыгъэхъуалІэ Іуэхугъуэхэр 10 мэхъу:

1. Уегупсысуэ, и мыхьэнэр зэхэпщІыкІыуэ, Алыхьым жиІэну и мурадыр къэпщІэну ухущІэкъуурэ КъурІэн хуэпщІ.

2. Фэрзэхэр бгъэдэщІа нэужь, нафилэхэмкІэ (псапэхэмкІэ) Алыхьым пэгъунэгъуэ зыхуэпщІын.

3. Сыт хуэдэ щІыкІэкІи Алыхьыр гукъэкІ пщІын: макъкІэми, гукІэми, дэжьыгъэкІэми, щытыкІэкІэми.

4. ЩхьэщфІэфІыгъэр ерыщ щекІуэм и дежи Алыхьым фІыуэ ильагъур уэ фІыуэ плъагъум япэ іыхи-гъэщІ.

5. Гур щыгъэгъэзэн Алыхьым и цІэ лъапІэхэм, хуэгъэфащэхъэм (щифатхэм), и Іуэхуэм. Гум ар лъэщу зыхетъэщІэн, абы хуэгъэсэн. ИкІи шэч зыхъэмылъыжраши, Алыхьыр - и цІэхэмкІэ, хуэгъэфащэпхъэхэмкІэ, и ІуэхуэхэмкІэ - къэзыщІыхуам, ар фІыуэ имылъагъункІэ Іэмал иІэкъым.

6. Алыхьым къыпхуищІэхэр, кьызэрыпхуэупсэхэр зыхэпщІэн.

7. Алыхьым и пащхьэ щыуплъэкІэ къэгумэхэн, гур кьызэфІэгъэнэн.

8. Алыхьым къыщІех сыхьэтхэм - пщэдджьыжь нэмэзыр кьимыхьэ и пэ кьихуэну - уи закъуэ ухуэхъуу, уелъэІуи, и псалъэм (КъурІэным) уеджэн, уигупэ уи щхьэрэ эётелъу и пащхьэм унтын, а псори тобэр, иститфаркІэ зэхуэпщІыжьын.

9. ЦІыхуфІхэм уаэсхэн, абыхэм кьажьэдэкІа псалъэ дахэхэм я нэхъыбІ дыдэр кьыхэпщІыпкІын. Упсалъэрэ уи щытыкІэр емыфІэкІуэнуми, уи псалъэм хьер кьыпшмыкІынумэ, зыри жумыІэн.

10. Уи гумрэ Алыхьымрэ зэрызмыгъэгъэту а тІум я зэхуакуэм кьыдэувэ Іуэхуэгъуэхэм зэхэпщІыкІ зэхуэпщІын.

(Іэл-Фейруз Іэбдин и «БэщаІир зэуит- Тэминз» тхылъым къытхыжащ).

Нанэжьэщ1ыр зыгъэхъ1ырар
ХЬЭТАУ Исъамщ.

Псалъэмакъым дыкъыфІэкІыркъым

● Дэ къытхуатх

Иджыблагъэ «Исльамым и нурым» кьытевдза «Гуэзвэгъуэ зыдэлъ пщІантІэм шыгъуІастэ Іэнэр кьыщеэзгъыркъым» уазымрэ Хьалил Гришэ и «Едвмыгъэгъэлей» тхыгъэмрэ ди гум кьэщхьыкІам хуэдизу. Мыхэр зытеуэр кьэр іуэхугъуэхэм, ауэ иджыри кьэс псалъэмакъым къыфІэмыкІ Іуэхугъуэщ. Сэри си гупсысэхэмкІэ сывдэгушэну сыхуейт.

ДЭ, джьпахъстэнейхэм, нобэкІэ хабзэ диІэжьым дыуэщІ кьэкІуахэм Іэнэ кьахуэдгъэхьуэ дгъашхэу. Ар къемызэгъыу икІи хьэдыгъуэдахэу кьыдольытэ. Дэнэ щІыпІэ щІыІэ гуаэум укІуэми уэзгъыщІэнур сыкъэт бжьыгъэщ, а зэманым шхьи щхьэкІэ улІэнчъкым. Абы щыгъуэми шыгъупІастэ кьащІаІэта дыуэщІ пщІантІэр ьэгъуэпІыгъэу щекІуэжьым ещхь мэхъу, хэт тепщэч, хэт лы гъэва, хэт жьэрымэ иІыгъыу цІыхухэр щІэзэхэжэщ. Кьыпщохьу сыхьэт ипэкІэ щІалъэ тхьэмыщкІэр псомэ ящІгъупщэжаро, я ныбэм из зэращІыным фІэкІа адрейхэм кьафІэмыІуэхужу.

НэгъуэщІ зы емыкІуми сытепсэлъыхьынут. Зи гугъу сщІынур кьурІэнаджэращ, дэ «хьдэІус» жьдоІэ. Абы екІуэлІэ щІыхьэ псоми ерыскъы зралъхьэ яІыгъщ. Зэчыр жаІэ, уазэхэм йодаІэу, дунейм ехьжьам тхьэ хуолъэІыри, ягъэхьэзыра ерыскъыр загъэщІыхуэкІэ яшх. Абы и ужькІэ кьэнар я сумкІэхэм ираЛхьэ, уеблэмэ зыри Іэнэм къытранэрэкъым. Ар дауэ? ЗыбгъэщІыжу ушэрэ, кьэнар здэпхьыжу ар сыт хуэдэ хабзэ?

Иджыблагъэ зы кьуажэ гуэр дыуэщІ сыкІуат. Дунейм ехьжьам и щІы Іыхьэр едгъэгъэтъэжри, ар зыдахэ пщІантІэм дыуэ щедгъэщІыжьну дыкъэщІыхьэжащ. Арати, гуэзвэгъуэр зейхэр къытпэуври, къытхуагъэувэ Іэнэхэм дымытІысу, я ерыскъы зыІудмыгъахуэу дыкъэщагъэкІыжакъым. Кіэнфет Іэмыщ1э зырызи ди пащхьэм къракІутати, шхэн дыуэ иужькІэ, си бгъуакІэ кьыщохьи ахэр я жьпым ирахІутэ ми игъэкъабылькрыкьым, адыгэми игъащІэм тхэлъакъым. Былым куэд зэраукІым, ерыскъыщхьэ кьыззэралъым зыми и гуэныхьыр лЫуэ щхьэщихырКъым, ягъэсІэу игъэтыжьынур щыпсэуам къилэжьарщ. Абы теухуауэ куэд щІауэ псалъэмакъэр иокІуэкІ, ауэ Іуэхур зэрыщытам хуэдэу кьэнэж, я нэхъ Іеиж мэхъу. И чэзу хуэкъэ а мыхъумыщІагъэхэм, динми хабзэми зыкІи емыжьэлІаХэм, кІэ ептыну? Дэращ ар зэпытар. Едгъэпльэгъурщ щІэблэм ищІэжьнур. Дыззепевгъауэ псапэ щІэныкъкІэ, ІэшхуфІэхэр лэжьынымкІэ. ІэшхуфІэхэр лэжьынымкІэ. ІэшхуфІэхэр зэи фІым дыхуищэнукъым.

ХЪЫМБЭЗЭР Рашид.
Инарыкъуей къуажэ.

Мэлыжьыхьым и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджьыжьыр	Дыгъэр щыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичынлдыр	Ахъщэмыр	Жасыр
1, мэрем	5.17	6.47	13.20	16.53	19.31	21.11
2, щэбэт	5.15	6.45	13.20	16.54	19.32	21.12
3, тхьэмахуэ	5.14	6.44	13.19	16.55	19.33	21.13
4, блыщхьэ	5.12	6.42	13.19	16.55	19.34	21.14
5, гъубж	5.10	6.40	13.19	16.56	19.36	21.16
6, бэрэжьей	5.08	6.38	13.19	16.56	19.37	21.17
7, махуэку	5.07	6.37	13.18	16.57	19.38	21.18
8, мэрем	5.05	6.35	13.18	16.57	19.39	21.19
9, щэбэт	5.03	6.33	13.18	16.58	19.40	21.20
10, тхьэмахуэ	5.01	6.31	13.17	16.58	19.42	21.22
11, блыщхьэ	5.00	6.30	13.17	16.59	19.43	21.23
12, гъубж	4.58	6.28	13.17	16.59	19.44	21.24
13, бэрэжьей	4.56	6.26	13.17	17.00	19.45	21.25
14, махуэку	4.55	6.25	13.16	17.00	19.46	21.26
15, мэрем	4.53	6.23	13.16	17.00	19.47	21.27
16, щэбэт	4.51	6.21	13.16	17.01	19.49	21.29
17, тхьэмахуэ	4.50	6.20	13.16	17.01	19.50	21.30
18, блыщхьэ	4.48	6.18	13.15	17.02	19.51	21.31
19, гъубж	4.46	6.16	13.15	17.02	19.52	21.32
20, бэрэжьей	4.45	6.15	13.15	17.03	19.53	21.33
21, махуэку	4.43	6.13	13.15	17.03	19.55	21.35
22, мэрем	4.42	6.12	13.15	17.03	19.56	21.36
23, щэбэт	4.40	6.10	13.14	17.04	19.57	21.37
24,тхьэмахуэ	4.39	6.09	13.14	17.04	19.58	21.38
25, блыщхьэ	4.37	6.07	13.14	17.05	19.59	21.39
26, гъубж	4.35	6.05	13.14	17.05	20.01	21.41
27, бэрэжьей	4.34	6.04	13.14	17.05	20.02	21.42
28, махуэку	4.32	6.02	13.14	17.06	20.03	21.43
29, мэрем	4.31	6.01	13.13	17.06	20.04	21.44
30, щэбэт	4.30	6.00	13.13	17.07	20.05	21.45

Къэбэрдей-Балькъэрым и Мусылъмэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдиташ.

● Пшыхьхэр

Беллэ кьехъуэхъуну къэкIуа и лэжьэгъуэм я пашэт «Къэбэрдей-Балькъэр» ВТК-м и унафэщI Къумахуэ Мухьэдин.



Пшыхьыр зыгъэхьэзырахэмрэ абы хэта артистхэмрэ фIыщIэ яхуещI.

«ЛIэщIыгъуэм и жьы хъугъуэу сыкъалъхуащ»

щыжеIэ Аброкъуэ Беллэ и усэхэм ящыщ зым. Арами, лIэщIыгъуэр адыгэбзэ бейкIэ ухьхуэупсащ мы цIыхубзым. Абы и щыхьэтщ Беллэ и радионэтынхэм щызэхэтх адыгэбзэри, иджыблагъэ дунейм кьытехьа «Купсэ» усэ тхылъри.

А тхылым теухуауэ щыгащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым щекIуэкIа пшыхьыр. «Сыту псэгъэтынш зи IэщIагъэм хуэIэижь цIыхур», щIыжаIэр иджыри абы зэ щызыхэсщIащ. Усэр, псалъэр театр теплъэгъуэм хуэдэу динэгу кьыщIэзыгъэува режиссер Дбагъуэ Роман и «хъэтIыр» кьэпцIыхунтэкъэ! Зы жьыпхъэм дригъэсауэ аракьым апхуэдэу щIыжысIэр, атIэ бгъэщIэгъэн гуэр и лэжьыгъэ къэс эрыхьэлырыц, щIэщыгъуэу, «провинц театрым» нэмыплъ хуэзыщIынкIэ хъунур щIригъэгъэжу, уеблэмэ кьигъэуIэбжьу.

Беллэ усэ тхылъыщ къыдигъэкIар, абы усэбзэкIэ кьыджиIэри анэдэлхъубзэм дыхуэсакъыу тхъумэн, ар ди псэм, ди дунейм и Іыхьэу зэрыщытыпхъэрщ. Театрым кьыщагъэсэбэп IэмалыщIэхэмкIэ режиссерым а гупсысэр щIегъэбыдэ. КIыфIым кьыхонэхукI псалъэхэр, нэхъ ин, Іупщ хъууэрэ утыкум кьохьэ, псалъэхэр зэхьIхьэурэ бзэ кьагъэщIащ, жьыхуиIэ щIыкIэу. «Нэху», «Щэху», «Бзэ», «Псэ» - махуэ кьэс зэхьдох ахэр, ауэ, зэрыжьыIащи, кIыфIыгъэм кьызэрыщежьэр зыгуэркIэ ещхьыщ анэмрэ сабиймрэ. Анэращ зэгъыгъэ кьалъхуагъащIэм и дунейр зыхуэдэнур. Апхуэдэщ ди анэдэлхъубзэри. Иужьрей зэманым ди литературэм цIэщIэ кьыхьхьамэ - ар цIыхубзщ. Анэдэлхубзэр кьеГъэлынырр анэхэм ди Іуэхущ, жьыхуаIэ щIыкIэу.

Беллэ кьыдигъэкIа «Купсэ» усэ тхылъыи, сэ кьызэрыщыхьхьумкIэ, араш гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъыр. Ди бзэр, ди дунейр дауэ тхъума хьуну, дауэ кьедгъэлыфыну, зэман-зэманкIэ «щыIат» псалъэ жагъуэр ди анэдэлхубзэм хужамыIэн папщIэ?

Абы игъэзагъэ интеллигенцэм иджыри зэ кууэу зыхищIагъэнущ адыгэбзэм и фIыпIэри, и IукIэри, и зэфIэкIри, и кьарури. Утыкур хуит хуэщI кьудей! Уигъэгушхэнущ, анэдэлхубзэм хуэфащэ гулытэ зэрыхуэдмыщIым уриукIыжынущ. А усэхэм кьаIуатэ гупсысэри, макъамэ щIэльри зыхыиагъэщIэнтэкъэ ЖьакIэмыхьжКIунэ, Тхьэщыгъуей Жанпэ, Тэмазэ Лиуан, КIэхумахуэ ФатIимэ хуэдэ артист лъэрыхьхэр кьыщеджэкIэ?! Нэхьыжьхэм ябгъурыта еджакIуэ щыкIуэху Аброкъуэ Олесэрэ ХъуэкIуэн ФатIимэрэ щэ?! Адыгэбзэм щIапIкIэ сабийхэм я бзэр кьабзэт, кьалэджэсу умыщIэну. А псори кьызэджа усэхэм щIэтащ бжьамиящэ Увыж Анзор и макъамэ щабзр.

Аброкъуэ Беллэ анэдэлхубзэм и нобэмрэ пщэдеймрэ ирогузавэ, уеблэмэ «Адыгэбзэм и гъыбзэ» иусыжащ. Ауэ, сым кьыгурыIуэжми кьыгурымыIуэжми, мы и тхылъымкIэ дэнаIуэ кьытщищIащ адыгэбзэм и кьарур зэрыщIэмыкIар, щIэблэ кьэс цIыху бжьыгъэ гуэр кьызэрыхэкIар художественнэ псалъэм хуэIэкIуэльакIуэу. Пасэрейхэм, нарт хъыбарыжьхэр кьэзыгъэщIахэм, абыхэм кьатехъуэкIыжа усакIуэфIхэм тхуауха лъэмыжьыр Беллэ и псалъэкIэ нэхъ кIыхь ищIащ, глобализацэм дыпхрыкIын, бзэр зы щIыпIэм деж щебгъэух зэрымыхьуныи иджыри зэ дегупсысын папщIэ.

«Амр»» лъэпкъ фондым и унафэщI Лъызэм Лидэ и проектхэм ящыщ Аброкъуэ Беллэ и усэхэр щызыхуэхьа «Купсэ» тхылъыр. Абы диск дэщIыгъуэ Беллэ и усэхэм кьеджэу, и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдэр тету. Тхылъым уеджэну ухущIэмыльхэр - узэрылажьэ компьютерымкIэ е машинэм ит магнитофонымкIэ едаIуэ!

Сыт сэ схуримыкъуар мы пщыхьэщхьэм зэхэсхыну сыхуейуэ? Зи гугъу ещIа уэрэдэхращ. Пшыхьыр усэхэм щIыхухахар псалъэм дытрамыгъэупсысыкIын, абы и Іэфlыр зыхьдагъэщIнурамэ, шэч хэмыльу, я мурадыр кьайхьулащ.

- Сэ фхуэсIуэтэн гупсысэ сиIэщ, - жиIэу утыкум кьихьэ щIыхур сытым щыгъуи Іэнкунц, и псалъэр кьаззрыщы-хьунум егъэгузавэри. Беллэ я пщыхьэщхьэм ехьуэхъуахэм, псом хуэмыдэу езыр зыдэлажьэ гупым я псалъэ гуапэу зэхихам ягъэгушхуагъэнщ. ЖаIам дэщIыбгъэжьифынур сыт хуэдэ щытхъурри мы усакIуэм зэрыхуэфащэщ.

Щыхуэ гуащIафIэм ищIар зыбогъэтIылъэкIри, нэхъыбжькIэ, нэхъыфIыжькIэ ущыгугъуэ щыIабодзэ. Беллэ, утыку узэрыхьар нэхъ ин, нэхъ нэху пхузыщIын уи псалъэм дыпоплъэ.

ШИРДИЙ Маринэ.

Газетджэхэр ди гуапэу фыщыдогъгъуаз тхылъыщIэм кьыхэтха усэхэм.

АБРОКЪУЭ Беллэ

. . .

Зэм гущIыIуу, зэм гущIагъуу,
Вагъуэу щыIэм я нэхъ щIагъуэу,
Хьыи щымн зыдагъазэу,
Псэ зыIутым щIыгъазэу,
Щыпэщащэу, щыIущащэу,
Гугъэ щащу, щыгумащIэу,-
Щэрхъщ дунейри, мэкIэрахъуэ,
Мэхъэрахъэ, мэхъэрахуэ.
МэфIэрафIэ, мэуфэразэ,
Дыгъэм и псэм зыдегъазэ,
Жьщыр махуэм зэгунгъэзу,
Гъэм и мазэхэр пигъэзу.

2010 гъэ

. . .

Усэ стхар кьыхсфIыщIэкIащ
Сыызыхуейр щызбзыщIу...
Сыадыгэу сагъэсащ
Си гур узу скъуэу...

Бостей дахэм сытепльащ
Сщыгъэуу зыслъагъуэжу.
Гупсысэщхьэ кьыстеуащ
Нэмыплъ щIууэ пщIыпщIу.

Зысlэтыну сигу кьихьащ
Бзу щхьэкунтым щыгъуу,
Іупщ1э дыджу сыIупльащ
Щыльтым сщибзыщIынум.

Гум гурыщхъуэ кьыхэхуащ
Нэпсым зэхункъусу.

Зысшыlэну кьыжжIащ
Хабзэу сызыкъузым.

Сыадыгэу сыкъалъхуащ
Пагэу пкъым сынIыгъуу,
Сыадыгээу сыкъэхъуащ
Си гур узу скъуэу...

1994 гъэ

...

Джэгуакlуэ, макъамэхъ, усакlуэ,
Кьыззофт гуфIэгъуэ, гъащIэр макIуэ.
Фи псэгъущи си псэр - сегъэльаIуэ,
Гуфlакlуэ-гъакlуэ сынэвгъакlуэ.

Джэгуакlуэ, макъамэхъ, усакlуэ,
Фи жагъуэ ищIу гъащIэр макIуэ,
Кьывимытыжу фIихьр - макIуэ,
И вагъуэу фижу, жакъуэу макIуэ...

Джэгуакlуэ, макъамэхъ, усакlуэ,
Фи жэнэт гъахэм сынэвгъакlуэ,
Фи мафIэр гущIэм езгъэуну,
Фи Іугъуэр - гугъэм щызгъэуну.

1996 гъэ

...

Егъэджакlуэм и гупсысэ
Адыгэбзэу бзэм я гуащэм
И Іущащэр щоIу ди жьэгу.
«Мимэ» жиIэм, дыдокlуатэ,
«Iэгу жи», - жиIэм, дыдоджэгу.

Лъэр щIэльэту, пкIатэтьатэу
Ди тхьэхъэлъм зыныжеш.
Псысэ Iэфlу Іум ильатьэм
Нартыжь лIыгъэр гум щыпхеш.

ЩIакlуэ кlапэм, напэм, псапэм
Я хъыбархэм дагъэIуу.
Анэ дэхъхум и бзэ лъапIэм
СфlощI си гущIэм зыдынужь.

2010 гъэ

...

Мазэм сэрэ дызопсалъэ,
Жьщыр ди дэIуэгъуу.
Си губампIэ хузоIуатэ,
Акъылзэгъу кьыздэхъуу.

СфlощIыр ар бжьэ фоужь матэ,
Нурыр пыльдыкIыу...
Си гурыфIхэм кьыхоIтьатэ,
Нэхур пылыдыкIыу...

Мазэ изым сыблэпIтьыкIыу
Ину сэ сопсалъэ,
Жьщым фIыгъуэу кьыIэпыкIыр
Щыгъэу кьыстоIтьалъэ.

...ИщIэрт мазэм сызэпсалъэр
Зысщыгъупщэжауэ.
Сэ сымыщIэу исфт фо матэр,
Изыр ныкъуэ хъуэуэ...

1995 гъэ

● ЩIэблэ зэчнифIэ

Бажэ Къантемыр и текIуэныгъэхэр

Иджыблагъэ Москва щекIуэкIащ информатикэмрэ компьютер технологиехэмкIэ урысейпсо олимпиадэ. Ди республикэм и курыт школхэм я еджакIуэхэри хэтащ а къэралпсо зэпеуэм икIи екъуIэныгъэфIхэр кьащащхьащ.

НАЛШЫК дэт лицей №2-м и 9-нэ классым щеджэ Бажэ Къантемыр и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуащ а урысейпсо олимпиадэм. Зэпеуэм и кьыхэгъэпэщакIуэхэр абы кьырикIуахэм хэпльэжа нэужь, ди гуапэ зэрыкIынщи, наIуэ къэхъуащ ди лъахэгъу ныбжькьыщIэм бгъэдэль щIэныгъэ куур. Олимпиадэм и кIуэцIкIэ кьихьа балл бжьгъэхэмкIэ ар абы хэта псоми апэ ищащ. «Абсолютнэ текIуэныгъэ кьэзыхьа» цIэм щыхьэтхъуэ щыхьх тхылым кьыдэкIу эу, Къантемыр тыгъэ кьыхуащIащ Швейцарием щащ сыхьэт льапIэхэм уэрэд. КьиныжьщIауэ, 9-11-нэ классхэр зыхэта зэпеуэхэм Бажэм кьыщихьащ информатикэмкIэ етIуанэ, физикэмрэ математикэмкIэ ещанэ увыпIэ эр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри уэзрыпагэ, уэзрыгушхуэ хьуну текIуэныгъэ инщ.

Ахэр Къантемыр и апэ екъуIэныгъэкъым. 4-нэ классым зэрыщIэс Іыгъэрэ естественнэ щIэныгъэхэм хуабжьу дихьэх ныбжьыщIэм а унэтIыныгъэмкIэ кьэхутэныгъэхэр ирогъэкIыжу хуежьащ. Апхуэдэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр абы кьрихьащ зэрыгъэ зэхуэмыдэхэм я утыкум икIи сыт щыгъуи екъуIэныгъэ яIащ. «ЩIэныгъэмрэ творчествэмрэ» 2008 гъэм биологиемкIэ, зоологиемкIэ екIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм и лауреат хьуауэ щытащ Къантемыр икIи УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Фурсенэр Андрей и Іэ зыщIэлъ щIыхь тхылъ кьыхуагъэфэщащ. Кьыкlэлыкlуэ ильэхэм Бажэр жьыджэру хэтащ «Сигма» республикэ олимпиадэм, апэ увыпIэр кьыщIихьащ «Къэгупсыс, къэхутэ, егъэфIакIуэ» къэралпсо зэпеуэм, еджакIуэхэм я нэгъуэщI зэхьихьэхэми и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуащ.

Ныбжьыщ1эм и екъуIэныгъэхэм, дауи, щогуфIыкI и егъэджакIуэхэри, и ныбжьэгъухэри, Іыхьлыхэри. Къантемыр и анэ Лъостэн Марьяни, КъБКъУ-м и педколеджым и егъэджакIуэм, и гъащIэр хуэзыгъэнэхур и кьуэ закьуэщ, абы и зэфIэкIхэрщ анэм и лъэр жан зыщIыр.

- Къант емыр и текIуэныгъэхэм, шэч х эмылъ , я фIыгъэ ин хэльщ щIалэм и зэфIэкIхэр езыгъэфIакIуэ и егъэджакIуэхэм икIи абыхэм я лэжьыгъэм и хьер куэдрэ ялъагъуну ди гуапэщ, - жаIэ Къантемыр и анэ Марьянэ и лэжьэгъуэхэу Пэщол Сакимэ, Абаз Маритэ, Мер Оксанэ, КIэрэф Аринэ сымэ. - Ауэ кьыхэдгъэщыну дыхуейт щIалэм бгъэдэль гъэсэныгъэ дахэмрэ еджакIуэм зэрыдихьхьымрэ я Іыхьжьэр анэ гулъытэмрэ ящ1ынагъэмрэу зэрыщIытыр. Ди ныбжьэгъуэм, лэжьэгъуэм дохъуэхъу и быным и гуфIэгъуэ, екъуIэныгъэ куэд иджыри ильагъуну.

Бажэ Къантемыр и текIуэныгъэхэм дэри дрогушхуэ, нэхъыбжькIи дыщогуфэ. ЩIэныгъэм хуэ лъэбакъуэ зэрыр быдэ хьуну, зытехьа лъагъуэ дахэр гъэугу бгъуфIэу, купщIафIэу кьыхущIэкIыну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Футбол

Дызыхуэкlуэ мазэм екlуэкlыну зэlущIэхэр

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ
Етхуанэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым и 2, *щэбэт*
«Амкар» (Пермь) - «Кубань»
«Ростов» - «Динамо» (Москву)
«Волга» (Новгород Ищхьэрэ) - «Динамо» (Мэскуу)
«Локомотив» (Мэскуу) - «Ростов» (Дон Іус Ростов)
«Кубань» (Краснодар) - «Спартак» (Мэскуу)

Мэлыжьыхьым и 3, *тхьэмахуэ*
ЦСКА (Мэскуу) - «Краснодар» (Краснодар)
«Анжи» (Мэхъачкъалэ) - «Рубин» (Къазан)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Зенит» (Санкт-Петербург)

Мэлыжьыхьым и 4, *бльщIхь*
«Тэрч» (Грозный) - «Томь» (Томск)

ЕВРОПЭМ И ЛИГЭ
Мэлыжьыхьым и 7, *махуэку*
Финалым и 1/4-нэ Іыхьэ.
Ялп зэIущIэхэр
«Порту» (Португалие) - «Спартак» (УФ)

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ
Елблаиэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым и 9, *щэбэт*
«Крылья Советов» - «Локомотив»
«Краснодар» - «Амкар»
«Динамо» - «Кубань»

Мэлыжьыхьым и 10, *тхьэмахуэ*
«Зенит» - ЦСКА
«Рубин» - «Спартак-Налшык»
«Спартак» - «Тэрч»
«Ростов» - «Волга»

Мэлыжьыхьым и 11, *бльщIхь*
«Томь» - «Анжи»
ЕВРОПЭМ И ЛИГЭ
Мэлыжьыхьым и 14, *махуэку*
Финалым и 1/4-нэ Іыхьэ.
ЕтIуанэ зэIущIэхэр
«Спартак» (УФ) – «Порту» (Португалие)

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ
Етхуанэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым и 16, *щэбэт*
«Крылья Советов» - «Ростов»
«Тэрч» - «Динамо»
«Крылья Советов» - «Краснодар»

Мэлыжьыхьым и 17, *тхьэмахуэ*
«Локомотив» - «Волга»
«Анжи» - «Спартак»
ЦСКА - «Рубин»
«Амкар» - «Зенит»

Мэлыжьыхьым и 18, *бльщIхь*
«Спартак-Налшык» - «Томь»

Урысей Федерацэм и Кубок-2010-нэ Іыхьэ
Мэлыжьыхьым и 20, *барэжьей*
«Зенит» - ЦСКА
«Ростов» - «Динамо»
«Алания» - «Сатурн»
«Спартак» - «Краснодар»

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ
Еханэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым и 23, *щэбэт*
«Волга» - «Кубань»
«Краснодар» - «Локомотив»
«Ростов» - «Тэрч»

Мэлыжьыхьым и 24, *тхьэмахуэ*
«Зенит» - «Крылья Советов»
«Рубин» - «Амкар»
«Томь» - ЦСКА
«Спартак» - «Спартак-Налшык»

Мэлыжьыхьым и 25, *бльщIхь*
«Динамо» - «Анжи»
ЕВРОПЭМ И ЛИГЭ
Мэлыжьыхьым и 28, *махуэку*
Финалым и 1/2-нэ Іыхьэ.
Ялп зэIущIэхэр
ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ
Елблаиэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым и 30, *щэбэт*
«Тэрч» - «Ростов»
«Локомотив» - «Кубань»
ЦСКА - «Спартак»

● ТхылъыщIэ

«Псэкlэ спэгъунэгъухэмрэ сэркlэ лъапIэхэмрэ яхуэгъазэуэ»

Араш фIишар «Къэббалькъэгаропромстрой» ОАО-м и унафэщIу илъэс 20-м щIигъуауэ лажьэ КIуэкьуей Мухьэмэд кьыдигъэкIа тхылъыр.

КЪУЭКIУЕЙР технию щIэныгъэхэм я докторщ, РАЕН-м и член-юррес-пондентщ, УФ-м щIыхь зиIэ и уэхуакIуэ. А псом кьищIынэмыщIауэ зэхэмиI дехьэх. Мыбы и творческэ Іэдакъэ-щIэкI зыбжанэ нэхьапэкIи дуней кьытехьащ, щIэныгъэ лэжьыгъэ, монографие щапхьэхэм иту.

Іыхьищу зэхэт тхылъыщIэм ихуащ Къэбэрдей-Балькъэрым щрагъэкIуэкIа уэхуэныгъэшхуэхэм ятеуэуа хьэбар гъэщIэгъуэнхэр. Ахэр гъэнщIащ щIэблэр лэжьыгъэм дезыгъэхьэх дерс щхьэпэхэмкIэ. Тхылъеджэ хэм гъэщIэгъуэн зэращыкьунум шэ ч хэмылъу, етIуанэ Іыхьэм щыIэхуэхьэсащ Къуэкьуейм лъэхьэнэ зэхуэмыдэхэм итха усэхэр. Фыуэ илъагъу и ныбжьэгъухэм, и лэжьэгъуэхэм, гъащIэ гъуэгуанэ тэмэм теувэныкIэ кьыдэIэпыкъуа, пщIэ зыхуищI цIыхухэм ятеуэуа сатыр щэрыуэхэм удахьэх, гурыгъу-гурыщIэ кьабзэм и дунейм ухашэ. Зи гугъу тщIы тхылъыр екIуу гъэщIэгъуэ Котляровхэ Марие-рэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм ксыщыдэкIащ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьэкlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьы секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьужьэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлажьэхьмкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1ап1эм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщIихьа бжьгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ирэу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьыныр и щIэ дальщ КъБР-м федералыз пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленом.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ, зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыградзащ. КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ ДыщкI Соня, редактору ТекIуэкъ Заретэ, корректорхэу Афэ Тамарэ*(2, 4, 5-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 3, 6-нэ нап.)*, корректорэм я дэIпыкьуэгъу Цалий Марьят. *Компьютерк1э газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Мариан-из, *суэрэтхэм елэжьар* Бащу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233● Заказ №831